

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Data jeung Sumber Data

3.1.1 Data Panalungtikan

Wangun data dina ieu panalungtikan ngeunaan tradisi Babarit Désa di Désa Waringin Kacamatan Palasah Kabupatén Majalengka mangrupa rekaman vidéo prak-prakkan upacara, poto-poto prak-prakkan upacara jeung poto-poto pakakas jeung sasajén nu dipaké dina upacara Babarit Désa, sarta hasil wawancara.

3.1.2 Sumber Data

Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta kokolot Désa salaku pupuhu dina éta acara, narasumber-narasumber nu apal kana éta acara, hasil rekaman tina acara Babarit Désa di Désa Waringin Kacamatan Palasah Kabupatén Majalengka, jeung data ti masarakat Désa Waringin.

Tina pedaran di luhur, sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan bisa dipasing-pasing kana tilu rupa, nya éta:

- 1) Jalma, mangrupa katerangan jeung hasil wawancara ti kokolot désa jeung masarakat Désa Waringin nu apal kana upacara Babarit Désa;
- 2) Tempat, nya éta di Désa Waringin mangrupa tempat lumangsungna upacara Babarit Désa; jeung
- 3) Kertas atawa dokumén, mangrupa catetan hasil wawancara, rekaman video, jeung poto-poto upacara Babarit Désa.

3.1.3 Lokasi Panalungtikan

3.1.3.1 Lokasi Géografis

Désa Waringin pernahna di Kacamatan Palasah Kabupatén Majalengka, legana 516.000 Ha/m², 35 mdl ti *permukaan* laut. Ieu désa téh pernahna di bagian Wétan Kalér (*Tenggara*) ti kabupatén Majalengka. Jarak ti Kabupatén ka Désa Waringin téh kurang leuwih 15 km. Daérah-daérah anu ngawatesan Désa Waringin nya éta:

- 1) Beulah kalér ngawates jeung Désa Karamat/Pasir Kacamatan Palasah;
- 2) Beulah kidul ngawates jeung Désa Tarikolot/Weragati Kacamatan Palasah;
- 3) Beulah kulon ngawates jeung Désa Leuweung Gedé Kacamatan Jatiwangi;
- 4) Beulah wétan ngawates jeung Désa Tarikolot/Pasir Kacamatan Palasah.

(Masriah, 2013, kc. 1)

Désa Waringin miboga tilu dusun, nya éta Linggawangi, Pangarangsari, jeung Tajurwangi. Ieu désa ogé miboga salapan RW, 44 RT, jeung salapan anggota BPD. Sacara umum, kaayaan lingkungan alam di Désa Waringin masih asri ku sabab masih loba kénéh sawah jeung kebon.

3.1.3.2 Sosial, Budaya, jeung Ékonomi Masarakat Désa Waringin

Medar ngeunaan penduduk, pakasaban, atikan, agama jeung kapercayaan, basa, sarta sistem pancakaki.

A. Penduduk

Nurutkeun data tina Masriah (2013, kc. 15) jumlah penduduk Désa Waringin nya éta 7.604 urang, lalaki aya 3.832 urang jeung awéwé aya 3.772 urang. Jumlah kapala kulawarga aya 2.338 KK. Tina jumlah penduduk nu sakitu téh geus kaasup penduduk nu ngumbara (pindahan ti daérah séjén) 33 urang, lalaki 23 urang jeung awéwé sapuluh urang. Demi wincikan jumlah penduduk dumasar kana klasifikasi umur bisa katitén ngaliwatan tabél di handap.

Tabél 3.1

Jumlah Penduduk Dumasar Klasifikasi Umur

| UMUR | JUMLAH |
|------------------|---------------|
| 0-4 Taun | 512 |
| 5-9 Taun | 540 |
| 10-14 Taun | 654 |
| 15-19 Taun | 632 |
| 20-24 Taun | 550 |
| 25-29 Taun | 508 |
| 30-45 Taun | 1.907 |
| 46-55 Taun | 857 |
| 56-65 Taun | 565 |
| 66-75 Taun | 414 |
| 75 Taun ka luhur | 465 |
| Jumlah | 7.604 |

Sumber: Profil Désa Taun 2013

B. Pakasaban

Masyarakat Désa Waringin mangrupa masyarakat agraris tradisional. Ku kituna, masyarakat Désa Waringin umumna hirup tina hasil tatanén atawa tani. Salian ti tatanén, masyarakat Désa Waringin ogé aya nu miboga pakasaban séjén saperti: PNS, buruh, dagang, karyawan, dukun, jeung sajabana.

Dumasar hasil sésus kantor Désa Waringin taun 2013, perséntaseu rupa-rupa pakasaban masyarakat Désa Waringin bisa katitén tina tabél di handap.

Tabél 3.2
Pakasaban Masarakat Désa Waringin

| Pakasaban | Jumlah |
|--|---------------|
| Patani | 649 |
| Buruh tani | 366 |
| Buruh Migran | 8 |
| PNS | 74 |
| Pengrajin Industri RT | 8 |
| Tukang dagang | 145 |
| Ternak | 24 |
| Montir | 7 |
| Perawat Swasta | 10 |
| TNI | 3 |
| POLRI | 3 |
| Pensiunan PNS/TNI/POLRI | 30 |
| Pengusaha leutik/menengah | 24 |
| Dukun kampung | 1 |
| Arsitéktur | 1 |
| Seniman/Artis | 8 |
| Karyawan perusahaan swasta/pamaréntah | 183 |
| Pengrajin | 235 |
| Wiraswasta | 210 |

Sumber: Profil Désa Taun 2013

C. Atikan

Dina widang atikan, masarakat Désa Waringin umumna sarakola. Ieu hal bisa katitén tina tamatan sakolana, nya éta SD/MI (3.303 urang), SMP (1.295 urang), SMA (613 urang), Diploma 1-3 (101 urang), tamat S1-S3 (76 urang), jeung SLB saurang.

Lobana jumlah ti tamatan sakola di ieu Désa alatan dirojong ku sarana jeung prasarana atikan anu aya. Sarana jeung prasarana atikan di Désa Waringin kawengku atikan formal jeung nonformal. Atikan formal kawengku tina *Play Group* aya hiji, TK aya opat, SD aya opat, jeung SMP aya hiji. Sedengkeun atikan nonformal kawengku RA (Raudhatul Athfal) aya tilu, MI (Madrasah Ibtidaiyah) aya tilu, jeung pondok pesantrén aya hiji.

D. Agama jeung Kapercayaan

Sakabéh masarakat Désa Waringin ngagem agama Islam. Pikeun ngarojong kana ibadahna, di Désa Waringin disadiakeun tempat ibadah anu mangrupa hiji masjid, 32 langgar, hiji pondok pesantrén, jeung genep TPA. Najan masarakat Désa Waringin kabéh ngagem agama Islam, masarakat Désa Waringin ogé masih percaya kana dunya klenik (élmu goib jeung ayana roh mahluk goib).

Éta kapercayaan téh bisa katitén tina paripolah masarakatna saperti datang ka tempat-tempat karamat jeung masih réana jalma anu sok tatamba ka jalma anu dianggap “bisa” nalika katerap kasakit katut hal-hal séjénna. Tapi sanajan masarakat Désa Waringin percaya ka nu hal-hal goib, kapercayaan masarakat Désa Waringin teu méngpar tina ajaran-ajaran agama Islam.

E. Basa


Basa nya éta sistem lambang sora nu arbitrér anu dipaké pikeun komunikasi manusa (Sudaryat, 2000, kc. 6).

Désa Waringin mangrupa Désa anu aya di tatar Sunda, pernahna di Kabupatén Majalengka. Ku kituna basa sapopoé anu digunakeun ku masarakat Désa Waringin nya éta basa Sunda. Tapi pikeun kulawarga anu pindahan utamana kulawarga anu asalna ti luar pulo Jawa Barat, biasana sok maké basa Indonésia, sarta lamun aya tamu anu teu bisa ngomong maké basa Sunda, masarakat Désa Waringin ogé sok ngagunakeun basa Indonésia.

F. Sistem Pancakaki

Sistem pancakaki di Désa Waringin miboga sipat *parental*. Hartina nya éta nyokot garis katurunan ti indung jeung ti bapa. Di kulawarga, bapa salaku kapala kulawarga. Rasa kakulawargaan masarakatna raket pisan sarta kaagamaana gedé pisan pangaruhna kana adat-istiadat masarakat Désa Waringin. Masarakat Désa Waringin ogé apal kana pancakaki/silsilah kulawarga. Rasa kakulawargaan di Désa Waringin karasa pisan, ieu hal bisa katitén tina sipat masarakat Désa Waringin anu masih miboga sipat silih asih jeung gotong-royong dina kahirupan sapopoéna, utamana lamun aya hiji acara atawa kagiatan di Désa.

3.2 Desain Panalungtikan



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.3 Méthode Panalungtikan

Ieu panalungtikan mangrupa panalungtikan kualitatif. Bogdan jeung Taylor (dina Muhammad, 2011, kc. 19) nétélakeun, yén “panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan nu hasilna data déskriptif mangrupa kekecapan tinulis atawa lisan tina tingkah polah jalma-jalma anu ditalungtik”. Dumasar jenisna, dina panalungtikan kualitatif aya anu disebut panalungtikan déskriptif. Panalungtikan déskriptif nya éta panalungtikan anu dilakukeun pikeun mariksa jeung ngukur gejala nu tangtu. Ieu panalungtikan kaasup kana panalungtikan déskriptif. Dina ieu panalungtikan, landasan tiori dibutuhkeun tapi teu digunakeun salaku dasar pikeun nangtukeun kritéria pengukuran kana gejala anu ditalungtik (Fathoni, 2006, kc. 97).

Satuluyna Danim (2002, kc. 41) nétélakeun, yén” panalungtikan déskriptif nya éta panalungtikan anu dilakukeun pikeun ngadéskripsikeun hiji kajadian atawa daérah populasi nu tangtu sarta mibanda sipat faktual sacara sistematis jeung akurat”. Saluyu jeung pamanggih Suyatna (2002, kc. 14), “méthode panalungtikan déskriptif nya éta panalungtikan anu mangrupa akumulasi data dasar ku cara déskriptif wungkul; teu nguji hipotésis, teu nyieun ramalan/prédiksi, atawa teu nyangking ma’na implikasi”.

Pikeun ngahontal tujuan panalungtikan, panalungtik kudu maké méthode panalungtikan anu cocog. “Méthode panalungtikan nya éta méthode anu digunakeun nalika panalungtikan” (Fathoni, 2006, kc. 98). Satuluyna Arikunto (1996, kc. 150) nétélakeun, yén “méthode panalungtikan téh nya éta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan”. Dumasar kana tujuan nu hayang dihontal, méthode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. “Méthode déskriptif nya éta méthode anu digunakeun pikeun ngayakeun *pemeriksaan* jeung ngalakukeun *pengukuran-pengukuran* kana gejala émpirik anu ditalungtik” (Fathoni, 2006, kc. 100).

Méthode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun simbol-simbol nu aya dina sasajén tradisi Babarit Désa. Ieu panalungtikan museur kana runtuyan, pakakas (*properti*), jeung simbol-simbol dina sasajén anu digunakeun.

3.4 Wangenan Operasional

Judul ieu panalungtikan nya éta “Tradisi Babarit Désa di Kacamatan Palasah Kabupatén Majalengka (Ulikan Struktural-Sémiotik). Sangkan aya gambaran, perlu dijéntrékeun wangenan operasional dina ieu panalungtikan, nya éta:

- a. *Tradisi*, nya éta tradisi téh mangrupa kalakuan/paripolah anu dianggap bener jeung geus biasa dilakukeun ku masarakat sarta éta kabiasaan téh lumangsung sacara turun tumurun ti hiji generasi ka generasi saterusna;
- b. *Babarit Désa*, nya éta upacara anu dilaksanakeun di désa Waringin Kacamatan Palasah Kabupatén Majalengka. Ieu upacara téh dilaksanakeun sataun sakali méméh usum panén pikeun nyinglarkeun mamala, hususna mamala anu ngabalukarkeun gagalna panén. Dina ieu upacara aya sababaraha acara anu dilaksanakeun nya éta tahlilan, mintonkeun carita pantun ngeunaan Déwi Sri, nyieun rujak babarit, jeung mayor. Ieu upacara Babarit Désa dilaksanakeun di Balé Désa.; jeung
- c. *Struktural-sémiotik* nya éta salasahiji kajian anu dipaké pikeun medar simbol-simbol nu nyampak dina upacara Babarit Désa sacara terstruktur unsur-unsurna. Ieu unsur-unsur hasil tina pengamatan panalungtik pikeun ngécéskeun tanda-tanda jeung sagala hal anu aya dina upacara Babarit Désa.

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, nya éta téhnik obsérvasi, téhnik wawancara, jeung téhnik dokuméntasi.

a. Téhnik Obsérvasi

“Téhnik obsérvasi nya éta téhnik ngumpulkeun data ku cara niténan sarta nyatet hasil tina obsérvasi” (Fathoni, 2006, kc. 104). Ieu téhnik digunakeun pikeun meunangkeun data-data ngeunaan Babarit Désa sacara émpiris. Jadi panalungtik turun langsung ka lapangan;

b. Téhnik Wawancara

“Wawancara nya éta téhnik ngumpulkeun data ku cara prosés *tanya jawab* lisan saarah. Hartina pertanyaan ti pihak nu ngawawancara jeung jawaban ti pihak nu diwawancara” (Fathoni, 2006: 105). Ieu téhnik digunakeun pikeun néangan informasi langsung ti narasumber ngeunaan upacara Babarit Désa; jeung

c. Téhnik Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun kumaha prak-prakanana éta panalungtikan, jeung ngadokuméntasikeun naon waé anu aya jeung ditalungtik ti mimiti nepi ka ahir upacara Babarit Désa.

Dumasar kana téhnik di luhur, proses ngumpulkeun data dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) *Pengamatan* sarta ngumpulkeun data sacara obsérvasi langsung dina waktu aya acara Babarit Désa;
- 2) Ngadokuméntasikeun sarta inventarisasi data nu aya di lapangan; jeung
- 3) Ngayakeun wawancara ka para palaku jeung aprésiator acara Babarit Désa.

3.6 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta sakabéh alat atawa cara anu digunakeun dina panalungtikan. Pikeun ngahontal tujuan panalungtikan, instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta mangrupa alat rékam, pedoman wawancara, jeung pedoman obsérvasi.

3.6.1 Alat Rékam

Alat-alat rékam anu dipaké salila panalungtikan nya éta kaméra digital jeung kaméra SLR.

a. *Kaméra Digital*

Kaméra digital digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun potopoto struktur upacara Babarit Désa jeung pakakas atawa kalengkepan anu dipaké dina éta upacara; jeung

b. Kaméra SLR

Kaméra SLR digunakeun pikeun ngarékam pidio struktur upacara Babarit Désa ti awal nepi ka ahir.

3.6.2 Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun ngawawancara para palaku jeung narasumber-narasumber nu aya dina upacara Babarit Désa di Désa Waringin Kacamatan Palasah Kabupatén Majalengka sangkan meunangkeun informasi-informasi nu akurat ngeunaan éta upacara.

Aya ogé pertanyaan-pertanyaan anu dipaké dina pedoman wawancara nya éta:

- 1) Saha nami Bapa atawa Ibu téh sareng kalungguhan di ieu acara salaku naon?
- 2) Naon anu dipikanyaho ku Bapa/Ibu ngeunaan Babarit Désa?
- 3) Kumaha kasang tukang jeung fungsi acara Babarit Désa?
- 4) Naha aya ritual husus saacan jeung sabada prakna ieu acara?
- 5) Kumaha struktur upacara Babarit Désa téh?
- 6) Dimana digelarkeunna ieu acara? Naha di jero atawa di luar ruangan?
- 7) Iraha waktu pikeun ngayakeun upacara Babarit Désa?
- 8) Saha waé anu bisa miluan jeung saha waé anu teu meunang miluan dina ieu acara?
- 9) Naon waé pakakas atawa *properti* anu digunakeun dina upacara Babarit Désa?
- 10) Saha waé palaku nu aya di ieu acara?
- 11) Simbol-simbol naon waé nu aya dina struktur acara jeung pakakas Babarit Désa?
- 12) Kumaha prosés *pewarisan* ieu acara kanggo ka payunna?

3.6.3 Pedoman Obsérvasi

Pedoman obsérvasi anu digunakeun miboga pungsi pikeun niténan sacara langsung hal-hal anu aya kaitanana jeung upacara Babarit Désa ti mimiti nepi ka ahir. Hal-hal anu diobsérvasina nya éta:

- a. lokasi dilaksanakeunna upacara Babarit Désa;
- b. struktur upacara jeung pakakas anu dipaké dina Babarit Désa; jeung
- c. para palaku jeung peran-peranna dina éta upacara.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data ngagunakeun téhnik analisis unsur langsung ka lapangan dibantuan ku métode Hermeneutika. “Sacara historishermeneutika mangrupa bagian tina filsafat. Sacar léksikal hermeneutika asal kecapna tina *hermeneuen* anu hartina nafsirkeun” (Kutha, 2010, kc. 312). Jadi ieu métode digunakeun pikeun nafsirkeun hal-hal anu nyampak tina data-data anu hasil panalungtikan dina upacara Babarit Désa. Di handap diébréhkeun léngkah ngolah data, nya éta:

- a. mariksa sarta niténan data-data anu geus kakumpulkeun;
- b. milihan data nu kapaké pikeun nyusun laporan;
- c. nganalisis jeung ngadéskripsikeun data; jeung
- d. nyindekeun tina data nu geus kapaluruh.